Mount Sinai Hospitals Group, Inc., Mount Sinai Hospital, Beth Israel Medical Center, St. Luke's Roosevelt Hospital Center, ak New York Eye and Ear Infirmary

Politik Èd Finansye, Faktirasyon ak Kolèk Dèt

Deklarasyon Objektif

Mount Sinai Hospitals Group, Inc. ("MSHG"), Mount Sinai Hospital, Beth Israel Medical Center, St. Luke's Roosevelt Hospital Center, ak New York Eye & Ear Infirmary (yo rele "Lopital Manm MSHG") rekonèt ke anpil pasyan ki itilize Lopital Manm MSHG yo ka pa an mezi pou jwenn aksè nan sèvis swen sante dekalite san èd finansye. Politik Èd Finansye ak Faktirasyon ak Kolèk Dèt Lopital Manm MSHG sa te devlope pou asire ke MSHG ak Lopital Manm MSHG yo kontinye defann misyon yo pou bay swen sante dekalite bay kominote a, pandan l ap pran anpil konsiderasyon sou kapasite pasyan an pou peye, konsiderasyon ke li aplike nan yon fason ki jis ak apwopriye.

Definisyon

"**Lopital Manm MSHG**" vle di Sant Medikal Beth Israel (Beth Israel Medical Center: "MSBI"), Sant Lopital St. Luke's-Roosevelt (St. Luke's-Roosevelt Hospital Center: "MSW", "MSSL""), Enfimri Zye ak Zòrèy New York (New York Eye and Ear Infirmary: "NYEEI"), ak Lopital Mount Sinai (Mount Sinai Hospital: "MSH").

"**Etablisman Lopital Manm MSHG**" oubyen "**Etablisman Lopital**" yo vle di etablisman ki fè pati swa MSBI, MSW, MSSL, NYEEI, oswa MSH, ki otorize pou fonksyone dapre etablisman lopital "Atik 28" la epi ki enimere nan Atik 8 Politik sa.

"**Swen Medikal Ijans**" vle di swen yo bay nan MSHG ak / oswa nan Lopital Manm MSHG yo, nan nenpòt nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo, pou pwoblèm ijans medikal.

"**Peryòd Aplikasyon pou Èd Finansye**" vle di peryòd ki fini nan 240^{yèm} jou apre yo bay pasyan an premye deklarasyon faktirasyon apre egzeyat la.

"**ISMMS**" vle di Icahn School of Medicine at Mount Sinai (Lekòl Medsin Icahn nan Mount Sinai).

"**Swen ki Nesesè sou Plan Medikal**" vle di atik ak sèvis ki rezonab epi ki nesesè pou dyagnostik oubyen tretman maladi oubyen blesi oubyen pou amelyore fonksyònman yon manm ki malfòme nan kò a.

Administrasyon Politik

Depatman Sèvis Finansye Pasyan Mount Sinai genyen pwopriyete, kontwòl ak responsablite pou administrasyon Politik sa. Pasyan ki bezwen èd nan pwosesis aplikasyon pou èd finansye a dwe kontakte:

- **Mount Sinai West, Mount Sinai St. Luke's, Mount Sinai Beth Israel**: Patient Financial Services (Sèvis Finansye Pasyan), 1111 Amsterdam Avenue, New York, New York 10025, (212) 523 4674, Attn: Hiram Martinez

- **NYEEI**: NYEEI Admitting Department (Depatman Admisyon NYEEI), 310 East 14th Street, New York, New York 10003, (212) 979 4115, Attn: Brian Goldstein

- **Mount Sinai Hospital, Mount Sinai Queens ak REAP**: Patient Financial Services (Sèvis Finansye Pasyan), One Gustave L. Levy Place, Box 6000, New York, New York 10029, (212) 731 3100, Attn: Erwin Ramirez

Politik

Se politik MSHG ak Lopital Manm MSHG yo pou pasyan ki reponn ak kritè kalifikasyon yo epi ki aplike pou èd finansye, jan li fikse nan dokiman sa a, pou yo resevwa èd finansye pou Swen Medikal Ijans ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal nan men Etablisman Lopital Manm MSHG yo grasa MSHG ak Lopital Manm MSHG yo, yo menm (ki enkli founisè (se yon vandè ki bay sèvis swen; yo rele l tou yon founisè swen) ki anplwaye oubyen ki gen kontra ak Lopital Manm MSHG yo).

Anplis, jan li etabli nan Politik sa ak nan Anèks Politik sa, pasyan ki reponn ak kritè kalifikasyon ki etabli nan Politik sa epi ki aplike pou èd finansye, jan li fikse nan dokiman sa a, ka genyen dwa pou resevwa èd finansye pou Swen Medikal Ijans ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal ke yo bay nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo grasa founisè ki anplwaye oubyen ki gen kontra direkteman ak ISMMS yo.

Kritè Kalifikasyon pou Èd Finansye Dapre Politik Sa

Kalifikasyon pou Swen Medikal ann Ijans: Pasyan yo ka kalifye pou èd finansye pou Swen Medikal ann Ijans dapre Politik sa si:

- Rezidans prensipal yo sitiye nan Eta New York; epi
- Yo pa gen asirans epi yo itilize oubyen y ap itilize tout benefis asirans ki disponib yo; epi
- Revni pa ane yo pa depase 400% Gid Federal sou Povrete a; epi
- Yo aplike pou asistans finansye nan Peryòd Aplikasyon pou Èd Finansye a (sètadi nan peryòd ki fini sou 240yèm jou aprè premye etadkont faktirasyon aprè yo bay pasyan egzeyat la).

Kalifikasyon pou Swen ki Nesesè sou Plan Medikal ki pa ijans: Pasyan yo ka kalifye pou èd finansye pou Swen ki Nesesè sou Plan Medikal ki pa ijans dapre Politik sa, si:

- Residens prensipal yo Sitiye nan Vil New York; epi
- Yo pa gen asrans epi yo itilize oubyen y ap itilize tout benefis asirans ki disponib yo; epi
- Revni pa ane yo pa depase 400% Gid Federal sou Povrete a; epi
- Yo aplike pou asistans finansye nan Peryòd Aplikasyon pou Èd Finansye a (sètadi nan peryòd ki fini sou 240yèm jou aprè premye etadkont faktirasyon aprè yo bay pasyan egzeyat la).

Pasyan yo **pa kalifye** pou èd finansye pou Swen Medikal ann Ijans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal dapre Politik sa si:

- Pasyan an oubyen pati ki responsab la te bay fo enfòmasyon; oubyen
- Pasyan oubyen pati responsab la refize kowopere avèk nenpòt nan kondisyon Politik yo; oubyen
- Pasyan oubyen pati responsab la refize aplike pou program asirans gouvènman yo aprè yo detèmine ke pasyan an oubyen pati ressponsab la gen chans pou ta kalifye pou program nan; oubyen
- Pasyan an oubyen pati responsab la refize respekte egzijans asirans prensipal yo.

Sèvis ke Gen Èd Finansye Ki Disponib Oubyen ki Ka Disponib pou Yo Dapre Politik sa

Asistans Finansye disponib dapre Politik sa pou Swen Medikal ann Ijans ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo swa nan men: **(1) MSHG; oubyen (2) Lopital Manm MSHG yo (Ki enkli founisè lopital sa yo anplwaye oubyen fè kontra ak yo).** Anèks A – D nan Politik sa genyen lis ki fikse pou chak Lopital Manm MSHG: Non founisè yo ak tout antite (jan yo apropriye) ki founi Swen Medikal Ijans ak / oswa Swen ki Nesesè sou Plan Medikal nan chak Lopital Manm MSHG sa; (2) afilyasyon ak /oswa estati chak founisè sa a (3) nan pwen kote, èd finansye dapre Politik sa disponib pou sèvis sa ke founisè sa yo bay yo, si yo bay.[1] Ou ka jwenn aksè sou entènèt nan www.hospitalassistance.org, oubyen ou ka jwenn yon kopi fizik sou demand nan nenpòt nan biwo ki site nan Seksyon 3 dokiman sa a.

Gen èd finansye ki ***ka*** dapre Politik sa a pou kèk Swen Medikal Ijans ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo ki faktire bay pasyan **pa prestatè ki swa anplwaye direkteman oubyen ki sou kontra ak ISMMS**, toudepan de nati ak pòte sèvis yo lè yo bay yo ak kalifikasyon pou èd finansye pasyan an. Anèks nan Politik sa genyen enfòmasyon konsènan limit èd finansye, si genyen, ki disponib pou sèvis yo bay sa yo nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo atravè prestatè SMMS yo; gen lòt enfòmasyon konsènan si èd finansye a disponib oubyen non dapre Politik sa a pou sèvis yo bay nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo atravè prestatè ISMMS yo ki ka disponib sou www.hospitalassistance.org.

Sèvis ke Èd Finansye Pa Disponib Oubyen pou Yo Dapre Politik sa

Èd finansye ***pa*** disponib dapre politik sa pou kalite swen ak sèvis sa yo:

- Sèvis ki pa nesesè sou plan medikal (ki genyen ladan yo men ki pa limite ak chiriji kosmetik, lantiy kontak kosmetik, ak / oswa sèvis etid somèy);
- Chaj diskresyonè (ki genyen ladan yo, men ki pa limite ak chanm prive, enfimyè prive, televizyon);
- Sèvis ki lye ak rechèch; epi

[1] Sepandan, èd finansye anvan an pa disponib dapre Politik sa a pou sèvis yo bay nan Phillips Ambulatory Care Center BIMC ("PACC") oubyen nenpòt lòt "itilizasyon miks" Atik 28 la fasilite ke MSHG oubyen nenpòt nan Lopital Manm MSHG jere yo ke yo pa bay dapre Lisans Atik 28 Lwa sou Sante Piblik respektif lopital sa yo.

- Amwenske li note nan dokiman sa a oubyen nan Anèks ki nan Politik sa, sèvis prestatè ki pa anplwaye oubyen ki pa gen kontra dirèkteman ak MSHG oubyen Lopital Manm MSHG yo bay nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo (gade Anèks Politik sa pou detèmine limit èd finansye (si genyen) ki disponib dapre Politik sa pou sèvis prestatè patikile w la bay nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo).

Etablisman **Lopital Manm MSHG Politik Sa Aplike Pou Yo**

Politik sa a ak èd finansye yo bay dapre Politik sa a disponib sèlman pou Swen Medikal ann ljans ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal yo ke prestatè kalifye bay nan etablisman lopital ki annapre yo (« Etablisman Lopital Manm MSHG » yo):

- **Etablisman Mount Sinai Beth Israel yo:**

  Mount Sinai Beth Israel
  First Avenue at 16th Street
  New York, New York 10003

  BIMC Comprehensive Cancer Center – West Campus
  325 West 15th Street
  New York, New York 10011

  BIMC Geriatrics Senior Health Center
  275 Eighth Avenue
  New York, New York 10011

  BIMC Vascular Access Center
  140 Fourth Avenue
  New York, New York 10003
  Beth Israel Med Center # 2
  103 East 125th Street
  New York, New York 10035

  Beth Israel Med Center 1-E2-F3-G
  429 2nd Avenue
  New York, New York 10010

  Beth Israel Med Center 2-C
  435 2nd Avenue
  New York, New York 10010

  Beth Israel Med Center 3-C
  433 2nd Avenue
  New York, New York 10010

  Beth Israel Med Center 8 & 8-D
  140 West 125th Street
  New York, New York 10027

Beth Israel Med Center Cooper Square
26 Avenue A
New York, New York 10009

Beth Israel Med Center Cumberland
98 Flatbush Avenue
Brooklyn, New York 11217

Gouverneur Clinic
109 Delancey Street
New York, New York 10002

Harlem Clinics #1 #3 #6 #7
103 East 125th Street
New York, New York 10035

Max Meltzer Health & Service Center
94 East 1st Street
New York, New York 10009

Phillips Ambulatory Care Center (pou Sèvis Atik 28 yo Sèlman)[2]
10 Union Square East
New York, New York 10003

Vincent P. Dole Clinic
25 12th Street
Brooklyn, New York 11215

- **<u>Etablisman Mount Sinai Beth Israel Brooklyn yo</u>:**

Mount Sinai Beth Israel Brooklyn
3201 Kings Highway
Brooklyn, New York 11234

BIMC Comprehensive Cancer Center – West Campus
325 West 15th Street
New York, New York 10011

BIMC Geriatrics Senior Health Center
275 Eighth Avenue
New York, New York 10011
BIMC Vascular Access Center
140 Fourth Avenue
New York, New York 10003

[2] Èd finansye dapre Politik sa disponib sèlman pou Swen Medikal ann Ijans ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal “Atik 28” ke prestatè ki kalifye PACC yo bay. Èd finansye pa disponib dapre Politik sa pou sèvis yo bay nan PACC ki pa nan Atik 28 la. Pou detèmine si kèk sèvis patikilye yo bay nan PACC kalifye kòm sèvis “Atik 28”, tanpri rele nimewo telefòn ki site nan relve kont / fakti w la.

Beth Israel Med Center #2
103 East 125th Street
New York, New York 10035

Beth Israel Med Center 1-E2-F3-G
429 2nd Avenue
New York, New York 10010

Beth Israel Med Center 2-C
435 2nd Avenue
New York, New York 10010

Beth Israel Med Center 3-C
433 2nd Avenue
New York, New York 10010

Beth Israel Med Center 8 & 8-D
140 West 125th Street
New York, New York 10027

Beth Israel Med Center Cooper Square
26 Avenue A
New York, New York 10003

Beth Israel Med Center Cumberland
98 Flatbush Avenue
Brooklyn, New York 11217

Gouverneur Clinic
109 Delancey Street
New York, New York 10002

Harlem Clinics #1 #3 #6 #7
103 East 125th Street
New York, New York 10035
Max Meltzer Health & Service Center
94 East 1st Street
New York, New York 10009

Phillips Ambulatory Care Center (pou Sèvis Atik 28 yo Sèlman)[3]
10 Union Square East
New York, New York 10003

[3] Jan li note, èd finansye dapre Politik sa a disponib sèlman pou Swen Medikal ann Ijans ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal “Atik 28” ke prestatè ki kalifye nan PACC yo bay. Èd finansye pa disponib dapre Politik sa pou sèvis yo bay nan PACC ki pa nan Atik 28 la. Pou detèmine si kèk sèvis an patikilye yo bay nan PACC kalifye kòm sèvis “Atik 28”, tanpri rele nimewo telefòn yo bay nan relve kont / bòdwo w la.

Vincent P. Dole Clinic
25 12th Street
Brooklyn, New York 11215

- **Etablisman Lopital Mount Sinai yo**

  Mount Sinai Hospital
  One Gustave L. Levy Place
  New York, New York 10029

  Mount Sinai Hospital of Queens
  25-10 30th Avenue
  Long Island City, New York 11102

  Ambulatory Care Center
  1200 Fifth Avenue
  New York, New York 10029

  Center for Advanced Medicine
  17 East 102nd Street
  New York, New York 10029

  Joseph H. Hazan Amb Cardiac Care Center
  5 East 98th Street
  New York, New York 10029

  Mount Sinai Comprehensive Health Program – Downtown
  275 7th Avenue
  New York, New York 10001-6708

  Mount Sinai Kidney Center
  309 East 94th Street
  New York, New York 10128

  Mount Sinai Queens Physician Associates
  27-15 30th Avenue
  Long Island City, New York 11102

  Mount Sinai Adolescent Health Center
  320 East 94th Street
  New York, New York 10128

  Mount Sinai Sports Therapy Center
  625 Madison Avenue
  New York, New York 10022

  PT Program at Asphalt Center
  York Avenue at 92nd Street
  New York, New York 10128

Primary Care Center
31-60 21st Street
Astoria, New York 11102

Psychiatric Out-Patient Clinic
1160 Fifth Avenue
New York, New York 10029

The Primary Care Building
101st and Madison Avenue
New York, New York 10029

Bayard Rustin Education Complex (BREC)
West 18th Street
New York, New York 10011

JHS 117 (Alternative Education Complex)
240 East 109th Street
New York, New York 10029

Julia Richman High School
317 East 67th Street
New York, New York 10021

Manhattan Center for Math & Science
FDR Drive & East 116th Street
New York, New York 10029

PS 108
1615 Madison Avenue
New York, New York 10029

PS 38
232 East 103rd Street
New York, New York 10029

PS 83 Mendoza School
219 East 109th Street
New York, New York 10029

- **Etablisman Mount Sinai St. Luke's Roosevelt yo:**

Mount Sinai St. Luke's
1111 Amsterdam Avenue
New York, New York 10025

Mount Sinai Roosevelt
1000 Tenth Avenue
New York, New York 10019

Ambulatory Psychiatric Center
411 West 114th Street
New York, New York 10025

Center for Comprehensive Care, West Village Division
230 West 17th Street
New York, New York 10011

SLR Community Care at 59th Street
425 West 59th Street
New York, New York 10019

Louis Brandeis High School
145 West 84th Street
New York, New York 10024

Martin Luther King Jr. High School
122 Amsterdam Avenue
New York, New York 10024

Philip Randolph Campus High School
135th Street at Convent Avenue
New York, New York 10031

- **Etablisman New York Eye and Ear Infirmary of Mount Sinai yo:**

New York Eye & Ear Infirmary of Mount Sinai
310 East 14th Street
New York, New York 10003

New York Eye & Ear Infirmary Ext Clinic
380 Second Avenue
New York, New York 10010

New York Eye & Ear Outpatient Center
230 Second Avenue
New York, New York 10003

Èd Finansye Patikilye ki Disponib Dapre Politik Sa

Yon pasyan yo detèmine ki gen dwa jwenn èd finansye pou Swen Medikal ann ljans oubyen pou lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal dapre Politik sa a gen dwa jwenn yon rabè dapre Tablo Rabè pou Frè Varyab yo ki anekse nan Anèks E a (« Tablo Rabè » a).

Yo p ap chaje yon pasyan yo detèmine ki gen dwa jwenn èd finansye pou Swen Medikal ljans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal dapre Politik sa a plis pou sèvis lopital pase montan Lopital Manm MSHG ki aplikab la faktire an jeneral pou Swen Medikal ljans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal sa Konfòmeman ak règleman federal yo, Lopital Manm MSHG a fikse montan li faktire an jeneral la nan montan total pwogram frè pou sèvis Medicare t ap otorize pou swen an (sètadi, montan Medicare ak benefisyè Medicare la t ap peye pou swen an).

Tout pasyan ki pa asire gen chans pou kalifye pou nivo rabè ki pi ba a ki disponib la dapre Tablo Rabè pou Swen Medikal Ijans ak pou lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal ke Lopital Manm MSHG yo bay yo menm (ki enkli prestatè ki anplwaye oubyen ki gen kontra dirèkteman ak Lopital Manm MSHG yo). Lopital Manm MSHG yo ap avize pasyan yo ke yo ka aplike pou lòt èd ki disponib dapre Politik sa a.

Pou pasyan ki pa asire ki gen chans pou kalifye pou èd finansye pou fakti pou Ijans Medikal Ijans ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal ke prestatè ki anplwaye dirèkteman oubyen ki gen kontra ak ISMMS yo bay nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo. Pou resevwa èd finansye pou fakti pou Swen Medikal ann Ijans ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal ke prestatè ki anplwaye dirèkteman oubyen ki gen kontra ak ISMMS yo bay nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo, pasyan yo dwe aplike pou èd finansye (jan li fikse nan Seksyon 12 dokiman sa) e Lopital Manm MSHG a dwe detèmine li gen dwa pou resevwa èd finansye sa a.

Detèminasyon Kalifikasyon / Dwa

Se Lopital Manm MSHG yo k ap fè detèminasyon kalifikasyon / dwa pasyan an pou èd finansye dapre Politik sa a, jan li site nan Seksyon 12 dokiman sa.

Lopital Manm MSHG yo ap detèmine si yon pasyan genyen pwoteksyon yon lòt moun. Si pa gen pwoteksyon yon lòt moun ki egziste, Lopital Manm MSHG yo ap detèmine si pasyan an kalifye pou pwogram asirans gouvènman tankou Medicare oubyen Medicaid. Si pasyan an kalifye pou Medicaid dapre pwoteksyon « Sèvis Ijans Sèlman », oubyen si pasyan an kalifye pou Medicaid men Swen Medikal Ijans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal pasyan an pa garanti pa Medicaid, y ap jije pasyan an kalifye otomatikman pou pi gwo nivo èd finansye ki disponib dapre Politik sa oubyen, si pasyan an ap travay, y ap ba li rabè ki aplike a dapre Tablo Rabè a. Yo p ap egzije lòt dokimantasyon apa konfimasyon stati Medicaid Eta New York pasyan an. Si yon pasyan pa kalifye pou pwogram asirans gouvènman yo epi li reponn a egzijans ki fikse nan Seksyon 5 Politik sa, pasyan an ap kalifye pou aplike pou èd finansye dapre Politik sa.

Peryòd Kalifikasyon

Si yon pasyan apwouve pou èd finansye dapre Politik sa a, kalifikasyon sa a pa dwe depase yon lane ki kòmanse nan premye jou mwa kote yo te livre sèvis la jiska dènye jou mwa nan pwochen « peryòd ouvèti enskripsyon » an, jan li etabli dapre Lwa sou Swen Bon Mache a (Affordable Care Act), nenpòt sa ki vini anvan pami de (2) dat sa yo. Si pasyan an egzije yon pwosedi chiriji anbilan oubyen entène, Lopital Manm MSHG yo ka egzije pasyan an pou resètifye kalifikasyon pasyan an pou èd finansye dapre Politik sa a.

Kijan pou Aplike pou Èd Finansye Dapre Politik Sa

Pasyan yo ka aplike pou èd finansye dapre Politik sa a lè yo ranpli epi soumèt yon fòm Aplikasyon pou Èd Finansye bay Lopital Manm MSHG a kote yo te bay sèvis la nan adrès sa yo:

- **Mount Sinai Beth Israel (Petrie Campus)**: Department of Patient Financial Counseling (Depatman Konsèy Finansye pou Pasyan), 317 E 17th Street, Room 3f05, New York, NY 10003, (212) 844-1914 (p), (212) 844-1771 (f)

- **Mount Sinai Beth Israel (Philips Ambulatory Care Center):** Department of Patient Financial Services (Depatman Sèvis Finansye pou Pasyan), 10 Union Square East, Room 2030, New York, New York 10003, (212) 844-6041 (p), (212) 844-8401 (f)
- **Mount Sinai Beth Israel Brooklyn**: 3201 Kings Highway, Room 116, Brooklyn NY 11234, (718) 951-2751 (p), (718) 951-2822 (f)

- **Mount Sinai Hospital (New York)**: Department of Financial Counseling (Depatman Konsèy Finansye), 17 East 102nd Street, Room D1-228, New York, New York 10029, (212) 824-7274 (p), (212) 876-7775 (f); Department of Financial Counseling (Depatman Konsèy Finansye), 1468 Madison Avenue, Room 210, New York, New York 10029, (212) 241-4851 (p), (212) 426-1094 (f); REAP 1405-05 Madison Ave, New York, NY 10029 (212) 423-2800 (p), (212) 534-5721 (F)

- **Mount Sinai Queens**: Crescent Condo, Suite 1D, 23-22 30th Road, Long Island City, New York 11102, (718) 267-4369 (p), (718) 726-2967 (f)

- **New York Eye and Ear Infirmary of Mount Sinai**: First Floor, 310 East 14th Street, New York, New York 10003, (212) 979-4183 (p), (212) 353-5738 (f)

- **Mount Sinai West** (ansyen Roosevelt Hospital): Department of Patient Financial Counseling (Depatman Konsèy Finansye pou Pasyan), 1000 Tenth Avenue, Room 2J, New York, New York 10019, (212) 523-7816 (p), (212) 523-8143 (f)

- **Mount Sinai West (HEAL Center)**: 1000 Tenth Avenue, Room 1M, New York, New York 10019, (212) 523-3900 (p), (212) 636-3806 (f)

- **Mount Sinai St. Luke's**: Department of Patient Financial Counseling (Depatman Konsèy Finansye pou Pasyan), 1111 Amsterdam Avenue at 114th Street, Room 1B-105, New York, New York 10025, (212) 523-2552 (p), (212) 523-5620 (f)

- **Mount Sinai St. Luke's (HEAL Center)**: 1111 Amsterdam Avenue, Clark Building, Room 108, New York, New York 10025, (212) 523-3900 (p), (212) 523-3955 (f)

Y ap mande pasyan yo bay dokimantasyon ki vini apre yo ak fòm Aplikasyon pou Èd Finansye a (dokimantasyon an dwe satisfè règ jeneral pou prèv Medicaid ki aplikab yo pou dokimantasyon aplikasyon Medicaid la):

- Prèv adrès;
- Prèv idantite;
- Jesyon finansye aktyèl jan verifikasyon revni an pwouve l (salè, benefis pou enfimite, endemnite, elatriye, lè w bay (jan li nesesè):
    - Souch chèk pewòl 30 jou ki pi resan yo; oubyen
    - Lèt travay; oubyen
    - Fòm Atestasyon Pèsonèl Eta New York (gade anba a); oubyen
    - Deklarasyon Taks Federal ki pi resan ak tout pwogram yo; AK / OSWA
    - Lèt ki soti nan Social Security Administration (Administrasyon Sekirite Sosyal) oubyen New York State Department of Labor (Depatman Travay Eta New York) konsènan benefis chomaj; AK / OSWA
    - Lèt sipò yon moun ki garanti bezwen debaz pou viv pasyan an
- Prèv depandans (si yo reklame sa); ak

- Prèv pansyon pou timoun, pansyon alimantè (si yo reklame sa).
- Jan yo otorize l nan nòm dokimantasyon Medicaid yo, fòm atestasyon Pèsonèl Eta New York la (Aktyèlman Fòm MAP 2050a oubyen tout lòt fòm ki akseptab nan moman aplikasyon an) ka aksepte si yo pa ka jwenn sa ki anwo a.

MSHG ak Lopital Manm MSHG yo p ap refize èd finansye pou yon pasyan dapre Politik sa a paske pasyan an pa bay nenpòt nan enfòmasyon yo amwenske yo mande enfòmasyon an, an patikilye nan Politik sa a oubyen sou fòm Aplikasyon pou Èd Finansye a.

Depo

Tout depo pasyan an peye nan kad pwogram èd finansye a ap antre nan pake òf rabè jeneral la.

Detèminasyon Pèman

Lè yo detèmine pasyan an kalifye pou èd finansye, y ap detèmine yon rabè ki apwopriye ki baze sou Tablo Rabè aktyèl la. Y ap avize pasyan an oubyen pati ki responsab la alekri sou kalifikasyon li epi si li kalifye epi nan ka ki aplikab, y ap mande l siyen yon akò pèman. Y ap ajoute yon sirtaks sou tout montan yo detèmine ki se responsablite pasyan an, jan li apwopriye nan Lwa sou Refòm Swen Sante a. Kondisyon peman yo dwe konfòm ak Lwa sou Èd Finansye Eta New York ki egziste a. Kondisyon peman yo pa dwe depase limit ki fikse dapre Lwa sou Èd Finansye Eta New York la epi li pa dwe enkli enterè (tout plan vèsman yo dwe san enterè). Plan vèsman yo (si genyen) pa dwe depase 10% revni brit chèf fanmi an dapre Lwa sou Èd Finansye Eta New York pou moun ki kalifye dapre politik sa a.

Apèl kont Detèminasyon Kalifikasyon

Yon pasyan gen dwa konteste desizyon konsènan èd finansye 30 jou apre notifikasyon ke li pa kalifye a. Yo ka soumèt kontestasyon ki baze sèlman sou sa ki annapre yo:

- Yo te bay enfòmasyon ki pa kòrèk; OUBYEN
- Yon chanjman nan eta finansye pasyan an rive; OUBYEN
- Akoz sikonstans sanzatann.

Depatman Sèvis Finansye Pasyan an (jan li apwopriye toudepan de kote yo te rann sèvis yo (gade lis ki anba a)) ap deside fè apèl nan ka ki presize pi wo yo.
Kontestasyon yo dwe fèt alekri (oubyen an pèsonn, sou randevou) nan enstitisyon sa yo:

- **BIMC ak SLR**: Patient Financial Services (Sèvis Finansye Pasyan), 1111 Amsterdam Avenue, New York, New York 10025, (212) 523 4674, Attn: Hiram Martinez

- **NYEEI**: NYEEI Admitting Department (Depatman Admisyon NYEEI), 310 East 14th Street, New York, New York 10003, (212) 979 4115, Attn: Brian Goldstein

- **Mount Sinai Hospital, Mount Sinai Queens ak REAP**: Patient Financial Services (Sèvis Finansye Pasyan), One Gustave L. Levy Place, Box 6000, New York, New York 10029, (212) 731 3100, Attn: Erwin Ramirez

Y ap pran yon desizyon konsènan kontestasyon yo 10 jou ouvrab apre yo resevwa kontetasyon yon pasyan (sètadi, apre resepsyon lèt oubyen kontestasyon fas-a-fas lan). DFC a, nan pouvwa diskresyonè li, ka mande pou yo ranpli yon aplikasyon oubyen yon lòt kontestasyon pou benefis leta a bay nan kad pwosesis kontestasyon pou èd finansye a.

Enfòmasyon Swivi

Pasyan yo responsab pou rapòte chanjman yo rapidman nan eta finansye ak / oswa kowòdone yo bay Lopital Manm MSHG ki apwopriye a. Si yon pasyan oubyen pati ki responsab la pa an mezi pou respekte yon akò peman siyen, yo dwe kontakte Lopital Manm MSHG ki apwopriye a. Si yon pasyan oubyen pati ki responsab la rate peman (fè defo) nan yon akò peman ak Lopital Manm MSHG ki apwopriye a, y ap konsidere kont an kesyon an kòm kont delenkan epi Lopital Manm MSHG yo rezève dwa pou refere kont pasyan an bay yon sèvis koleksyon ekstèn, kote ki apwopriye, konfòmeman ak enstriksyon ki fikse nan seksyon 16 Politik sa a ak lwa ki aplikab la.

Fòmasyon

MSHG ak Lopital Manm MSHG yo ap asire ke tout anplwaye responsab pou angaje oubyen ede nan aplikasyon pou sèvis ki garanti pa Politik sa a pran fòmasyon sou Politik la.

Mezi Yo Ka Pran Nan Ka Yo Pa Peye

MSHG ak Lopital Manm MSHG yo (oswa lòt pati ki otorize) ka pran mezi sa yo nan ka kote yon pasyan pa peye yon bòdwo pou swen medikal:

- Refere pasyan an bay yon ajans koleksyon, ki dwe respekte pwovizyon ki nan Seksyon 20.
- Pran mezi jiridik kont pasyan an, ki dwe respekte pwovizyon legal ki nan Seksyon 19 Politik sa. Mezi jiridik vle di tout mezi ki egzije yon pwosesis legal oubyen jidisyè, ki genyen ladan yo men ki pa limite a mete yon sele sou pwopriyete yon moun (ki pa yon sele MSHG oubyen yon Lopital Manm MSHG gen dwa plase dapre lwa Eta a sou pwodwi yon jijman, akò oubyen konpwomi pasyan an dwe oubyen reprezantan pasyan an nan kad domaj pèsonèl Manm Lopital MSHG te bay swen pou li an); sezi byen imobilye yon moun; sezi kont bank oubyen nenpòt lòt pwopriyete pèsonèl yon moun; antame yon aksyon legal kont yon moun; pwovoke arestasyon yon moun; pwovoke yon sezi-arè yon moun; epi sezi salè yon moun. Depo yon reklamasyon nan nenpòt pwosedi fayit grasa yon mezi legal pou objektif Politik sa a.

MSHG ak Lopital Manm MSHG yo p ap pran okenn nan mezi ki annapre yo kont yon pasyan ki pa peye pou Swen Medikal Ijans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal:

- Vann dèt yon pasyan a yon lòt pati.
- Repòte enfòmasyon defavorab konsènan yon pasyan bay ajans rapò kredi konsomatè oubyen biwo kredi yo.
- Repòte ou refize, oubyen egzije yon pèman avan nou bay Swen Medikal Ijans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal akoz pasyan an pa peye youn oubyen plis bòdwo toujou pou swen nou te bay anvan ki garanti dapre Politik sa a.

Limit Aksyon legal yo

MSHG ak Lopital Manm MSHG yo p ap kòmanse okenn pouswit legal kont yon pasyan ki pa peye pou Swen Medikal Ijans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal pou jiska omwen 120 jou apatide dat premye relve kont faktirasyon bay pasyan an pou swen an. Avan nou fè yon pouswiv devan lajistis kont yon pasyan oubyen kont nenpòt lòt moun ki te aksepte oubyen yo mande aksepte responsablite pou bòdwo lopital pasyan an, MSHG ak / oswa Lopital Manm MSHG yo ap fè efò ki rezonab pou detèmine si pasyan an kalifye pou èd finansye dapre Politik sa, nan fason ki make anba la a:

- Bay pasyan an avi alekri ki endike ke gen èd finansye ki disponib pou pasyan ki kalifye yo, idantifye mezi legal ke MSHG oubyen Manm Loptal MSHG (oubyen lòt pati ki otorize) yo gen entansyon antame pou jwenn pèman pou swen an, epi fikse yon dat limit apre sa yo ka kòmanse pouswit jiridik la ki pa pi ta ke 30 jou apre yo bay avi alekri a;

- Y ap enkli ak avi alekri yo fè referans a li anwo a, yon rezime Politik sa a nan langaj ki fasil pou konprann;

- Y ap fè efò ki rezonab pou avize pasyan an nan bouch de Politik sa a epi sou kijan pasyan an ka jwenn èd finansye ak pwosesis aplikasyon pou èd finansye a;

- Si yon pasyan soumèt yon aplikasyon ki pa konplè pandan Peryòd Aplikasyon pou Èd Finansye a, bay pasyan an yon avi alekri ki dekri lòt enfòmasyon ak / oswa dokimantasyon yo egzije, ansanm ak nimewo telefòn ak anplasman fizik biwo lopital ki ka bay enfòmasyon sou Politik sa ak èd nan pwosesis aplikasyon an; epi

- Si yon pasyan soumèt yon aplikasyon konplè pandan Peryòd Aplikasyon pou Èd Finansye a, fè yon desizyon pou konnen si pasyan an kalifye pou èd Finansye, epi avize pasyan an de desizyon sa (ki enkli, si li aplikab, èd pasyan an kaifye pou li a) ak baz desizyon sa a.

Depatman Sèvis Finansye pou Pasyan Mount Sinai a ap genyen responsablite final pou detèmine ke MSHG oubyen Lopital Manm MSHG ki aplikab la te fè efò ki rezonab pou detèmine si yon pasyan kalifye pou èd finansye dapre Politik sa a epi si li ka angaje nan pouswit jidisyè kont pasyan an.

Si apre MSHG oubyen Lopital Manm MSHG a fè efò ki rezonab pou detèmine si yon pasyan kalifye pou Èd Finansye, MSHG OUBYEN Lopital Manm MSHG ki aplikab la antame yon pouswit jidisyè kont pasyan an, epi pasyan an soumèt apre sa yon aplikasyon pou èd finansye anvan fen Peryòd Aplikasyon pou Èd Finansye a, MSHG ak / oswa Lopital Manm MSHG ki aplikab la ap sispann aksyon legal la, detèmine si pasyan an kalifye pou èd finansye, epi avize pasyan an de desizyon sa (ki enkli tout èd pasyan an kalifye pou yo) ak baz desizyon an. Si yo detèmine pasyan an kalifye, MSHG oubyen Lopital Manm MSHG ki aplikab la ap:

- bay pasyan an yon etadkont faktirasyon ki endike kisa pasyan an dwe pou swen, kijan yo te detèmine montan sa epi kijan pasyan an ka jwenn enfòmasyon konsènan montan yo faktire an jeneral pou swen an;
- ranbouse nenpòt montan pasyan an te peye pou swen an ki depase montan sa li dwe a, amwenske sa ki depase a pi piti pase $5; epi
- mete fen nan aksyon lajistis la.

Politik Ajans Koleksyon

MSHG ak Lopital Manm MSHG a enstwi tout ajans kolèk dèt yo ke yo dwe swiv prensip ki souliyen nan Politik sa a. Tout aksyon jiridik yo dwe respekte pwovizyon Seksyon 19 Politik sa a, epi y ap apwouve yo sèlman nan ka kote MSHG ak / oswa Lopital Manm MSHG yo detèmine ke yon pasyan gen mwayen pou peye balans ki pa peye a. Pou pouswit devan lajistis yo, ajans kolèk dèt lan dwe prezante dokimantasyon bay MSHG oubyen Lopital Manm MSHG aplikab ki kore aksyon sa a.

- A okenn moman MSHG ak / oswa Lopital Manm MSHG a p ap fòse vannn yon rezidans prensipal pou regle yon dèt.
- Yo p ap mete okenn kont nan yon ajans koleksyon pou kolekte yon dèt toutotan aplikasyon pou èd finansye a ap trete.
- Amwenke sa entèdi, yo p ap refere okenn kont bay yon ajans kolèk dèt san avi alekri pou 30 jou.
- Tout moun yo bay èd finansye ap genyen 30 jou apre avi final la dapre politik sa a pou peye oubyen konteste dèt la anvan yo transfere l bay yon ajans kolèk dèt.
- Sof jan Lwa sou Èd Finansye Eta New York la otorize l, yo pa dwe refere okenn pasyan ki kalifye pou Medicaid bay yon ajans kolèk dèt.
- Ajans kolèk dèt lan ap bay enfòmasyon sou fason pou aplike pou èd finansye lè li apwopriye.

Politik Administrasyon ak Mentnans

MSHG ak Lopital Manm MSHG yo ap santralize rapò done yo pou desizyon yo bay dapre Politik sa a ak dokiman tankou sa ki nan sistèm kontabilite Sèvis Finansye Pasyan Mount Sinai. Santralizasyon sa ap limite sèlman pou desizyon yo bay dapre tèm Politik sa a nan objektif pou konfòme ak Lwa sou Èd Finansye Lopital Eta New York la ak Atik 501(r) Kòd Revni Entèn nan. MSHG ak Lopital Manm MSHG yo ap kolekte epi distribye enfòmasyon bay ekip jesyon ak konsèy Administrasyon MSHG ak Lopital Manm MSHG yo konsènan Politik sa a. Politik sa a ak aktivite ki dekri nan dokiman sa a dwe respekte rezilta yon odit entèn.

Disponiblite Politik sa

MSHG ak Lopital Manm MSHG yo ap pibliye Politik sa lajman lè:

- Li afiche Politik sa a, aplikasyon pou èd finansye a, ak yon rezime Politik sa a nan yon langaj ki fasil pou konprann nan www.hospitalassistance.org

- Ofri yon kopi papye rezime Politik sa nan langaj klè bay pasyan yo nan kad pwosesis admisyon oubyen egzeyat la;

- Mete afich piblik ki fasil pou remake (oubyen lòt mezi ki fèt nan fason rezonab pou atire atansyon pasyan yo) ki avize epi enfòme pasyan yo sou Politik sa a nan espas piblik nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo, ki genyen ladan yo ominimòm nan depatman ijans ak espas admisyon ak resepsyon yo, epi mete adispozisyon w kopi papye Politik sa a, aplikasyon pou èd finansye a, ak yon rezime Politik sa nan yon langaj ki fasil pou konprann, sou demand epi san peye, nan espas piblik nan Etablisman Lopital Manm MSHG yo, ki gen ladann depatman ijans ak zòn admisyon/resepsyon yo;

- Li voye kopi papye Politik sa a, aplikasyon pou èd finansye ak yon rezime Politik sa nan yon langaj klè ki fasil pou konprann, sou demand, epi san peye, nan kourye lapòs;

- Li avize manm kominote Lopital Manm MSHG desèvi yo nan yon fason ki kalkile ak rezonab pou atenn manm sa yo ki gen plis chans pou bezwen èd finansye nan Lopital Manm MSHG yo ke lopital yo ofri èd finansye dapre Politik sa a, epi enfòme yo kijan oubyen ki kote pou jwenn plis enfòmasyon sou Politik sa a, pwosesis aplikasyon pou èd finansye ak kijan pou jwenn kopi Politik sa a, Aplikasyon pou Èd Finansye ak rezime Politik sa a nan langaj ki fasil pou konprann.

- Mete yon avi byen vizib sou etadkont faktirasyon ki avize epi enfòme benefisyè yo sou disponiblite èd finansye a dapre Politik sa epi mete kote yo ka jwenn nimewo telefòn biwo ki ka bay enfòmasyon sou Politik sa a ak adrès sitwèb kote gen kopi Politik sa a, aplikasyon pou èd finansye a ak rezime Politik sa a nan langaj ki fasil pou konprann;

Lis Anèks Politik sa

Anèks A: Lis Prestatè ki bay Swen Ijans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal nan Etablisman Lopital BIMC yo
Anèks B: Lis Prestatè ki bay Swen Ijans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal nan Etablisman Lopital SLR yo

Anèks C: Lis Prestatè ki bay Swen Ijans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal nan Etablisman Lopital NYEEI yo

Anèks D: Lis Prestatè ki bay Swen Ijans oubyen lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal nan Etablisman Lopital MSH yo

Anèks E: Tablo Rabè

Ou ka jwenn aksè nan anèks sa yo anliy sou Entènèt nan www.hospitalassistance.org, oubyen ou ka jwenn yon kopi depi ou fè demand lan nan nenpòt nan biwo Depatman Sèvis Finansye pou Pasyan ki site nan dokiman sa.